# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता में आजु भइल केन्द्रीय मंत्रिमण्डल के बइठकी में जनहित क कई गो महत्वपूर्ण फैसिला लिहल गइल। येही कड़ी में प्रदेस में बाराबंकी से बहराइच ले एक सौ एक दसमलव पांच किलोमीटर फोरलेन एक्सेस कन्ट्रोल नेशनल हाईवे नौ सौ सत्ताइस के निरमाणो के मंजूरी मिलि गइल।

***उत्तर प्रदेश में बाराबंकी से बहराइच ये बहुत ही इम्पॉर्टेंट स्ट्रेच है। इसके फोर लेनिंग का और एक्सप्रेसवे को एक्सेस कंट्रोल्ड एक्सप्रेसवे बनाने का काम इस प्रोजेक्ट में सेंक्शन हुआ है।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रदेस में सतत समृद्धि क नौ बरिस पूरा भइले पर लखनऊ में आयोजित 'नवनिर्माण के नौ वर्ष' वार्षिक पुस्तक क बिमोचन में सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला नौ सालि में उत्तर प्रदेस बॉटल नेक से ब्रेकथ्रू बनि गइल बा।

***हम लोगों ने नौ वर्षों में प्रदेश में नौ लाख से अधिक सरकारी नौकरी दी हैं, जिसमें दो लाख उन्नीस हजार केवल पुलिस भर्ती हुयी है दो लाख उन्नीस हजार पुलिस भर्ती इन नौ वर्षों में उत्तर प्रदेश के अंदर हुयी है।***

**********

केंद्र आ प्रदेस सरकार के बिच्चे जल जीवन मिशन के दुसरका फेरा में आजु एमओयू पर दस्खति कइल गइल। लखनऊ से वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से येह कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि ई पहल हर घर ले स्वच्छ पेयजल पहुंचावे, जनस्वास्थ्य के मजबूत करे आ 'हर घर नल से जल' के संकल्प के साकार कइले के दिसा में एगो खास कदम हौ।

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू बिहने से तीनि दिन खातिर प्रदेस दौरा पर आ रहलि हइनि। येह दौरान उहां के अजोध्या, मथुरा आ वृन्दावन जाइबि। रामनगरी अजोध्या में एयरपोर्ट से श्रीराम मंदिर ले राष्ट्रपति कै भव्य स्वागत क तइयारी आखिरी फेरा में बा। उहां के बिहने अजोध्या में नव वर्ष प्रतिपदा के पावन मौका पर श्रीराम यंत्र क विधि–विधान से पूजन करबि।

**********

सरकार पश्चिम एशिया में मौजूदा हालति के देखत राज्यन में वाणिज्यिक एलपीजी के आवंटन के बीस फीसदी से बढ़ा के तीस फीसदी कइले क आवाहन कइले हौ। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय क सचिव नीरज मित्तल सज्जो राज्यन आ केन्द्रसासित प्रदेसन के मुख्य सचिवन के लिखल चिट्ठी में कहले हवें कि अइसन हालति में उठावल गइल कदम एलपीजी से प्राकृतिक गैस पाइपलाइन–पीएनजी के दिसा में बढ़ले में सहायक होई।

**********

केन्द्र सरकार विमानन कंपनियन के कई गो महत्वपूर्ण निरदेस दिहले हौ। प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

**सरकार ने विमानन कंपनियों को निर्देश दिया है कि किसी भी उड़ान में कम से कम 60 प्रतिशत सीटें निशुल्क चयन के लिए उपलब्ध कराई जाएं, ताकि यात्रियों को समान अवसर मिल सके। सरकार के नागर विमानन मंत्रालय ने यह भी निर्देश दिया कि एक ही पीएनआर पर यात्रा करने वाले यात्रियों को आस–पास की सीटों पर एक साथ बैठाया जाना चाहिए। मंत्रालय ने बताया कि खेल उपकरण और संगीत वाद्ययंत्रों को ले जाने के लिए भी पारदर्शी और यात्री अनुकूल तरीका अपनाया जाना चाहिए। मंत्रालय का कहना है कि पालतू जानवरों को ले जाने के लिए स्पष्ट और पारदर्शी नीति लाई जाएगी। सरकार ने यात्रियों के अधिकारों विशेषकर विमानों में विलंब होने, इसके रद्द होने और विमान पर सवार होने से रोके जाने के मामलों में भी कड़े नियमों का निर्देश दिया है। मंत्रालय ने एयरलाइन की वेबसाइटों, मोबाइल एप्लीकेशनों, बुकिंग प्लेटफॉर्मों और हवाई अड्डों के काउंटरों पर यात्रियों के अधिकारों का स्पष्ट उल्लेख करने को कहा है। मंत्रालय ने विमानन कंपनियों को व्यापक पहुंच और जागरुकता के लिए क्षेत्रीय भाषाओं में यात्रियों के अधिकारों की जानकारी देने का भी निर्देश दिया है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

बिहने से चइत नवरातर सुरू हो रहल बा, जवन सत्ताइस मार्च ले चली। नवरातर के ले के प्रदेस भर के दुर्गा मंदिरन में खास साफ–सफाई आ सजावट कइल जा रहल बा। मिर्जापुर के विन्ध्याचल धाम में मां विन्ध्यवासिनी देवी मंदिर में दरसनिहन बदे खास इंतिजाम कइल गइल हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर में तरकुलहा माता आ बुढ़िया माई मंदिरो में खास तइयारी कइल गइल बा। नवरातर के दौरान राज्य के कई मंदिरन में पारम्परिक मेलो आयोजित होई। बलरामपुर जिला के देवी पाटन सक्ति पीठ क मसहूर एक महिन्ना ले चले वाला चइत नवरातर मेला बिहने से सुरू हो जाई। जौनपुर क मां शीतला चौकिया धामो में भक्तन खातिर खास तइयारी कइल भइल बा।

**********

मौसम विभाग बिहने पच्छिमी उत्तर प्रदेस में कुछु जगहिनि पर ओहीं पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक अगिला अड़तालीस घंटा के दौरान प्रदेस के अधिकतम तापमान में दुइ डिगिरी सेल्सियस के मामूली बढ़ोत्तरी क सम्भावना बा। प्रदेस के पच्छिमी इलाकन में अजुओ कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना बनल बा।

**********